



Août 2019

## KONNEN OPL

Edgard Leblanc Fils

## SAKI NAN DOKIMAN AN

### Entwodiksyon

1. Istwa

2. Ideyoloji

3. Estrikti

4. Manm

5. Finansman

6. Liy pwogram

7. Repezantasyon politik

## ENTWODIKSYON (YON TI MO POU LOUVRI KOZE A)

Pou relanse aktivite "Institut Supérieur Gérard Pierre-Charles" ki te inogire 4 jiyè 2008, nan lespri pou reponn nesite fòmasyon nan Pati a, mwen reprann travay ki te fèt nan 2 premye edisyon dokiman ki rele "Konnen OPL" la. Li vize bay tout aderan, tout senpatizan, tout moun ki enterese konnen ki sa OPL ye, zouti pou yo dekouvri Pati a, aprann ki kote l sòti, ki kote l vle ale; kòman li òganize; ki vizyon politik li; ki pwa politik li nan aparèy Leta a.

Se dokiman fòmasyon baz Pati a. Tout manm alawonnbadè dwe Konnen OPL. Komisyon Fòmasyon Nasyonal la divize dokiman an an sèt (7) modil pou prezante l nan nivo fòmasyon baz la. Nan kad Enstiti (ISGPC) a li sèvi entwodiksyon (Koze pou louvri fòmasyon) nan kad kou "Inisyasyon nan politik" la.

ISGPC genyen pou misyon fòme kad Pati a epi kontribiye nan fòmasyon sivik ak politik tout moun menmsi l pa manm OPL ki swete patisipe nan travay refonde Leta-Nasyon an. Pou fè travay la, ISGPC genyen de (2) zouti: Sant Fòmasyon Kad Politik ak Administratif la avèk Sant Dokimantasyon ak Rechèch la. Sant Fòmasyon an ap travay nan tèt kole avèk Komisyon Fòmasyon Nasyonal la pou rive satisfè demann fòmasyon manm yo.

Dokiman "KONNEN OPL" la se youn nan dokiman-baz Pati a. Li pote limyè sou istwa Pati a, sou liy ideyoloji li, sou estrikti ak mòd fonksyonman l ak sou pwa politik li nan aparèy Leta. Li dwe pèmèt plis moun konnen OPL epi konprann aksyon li yo.

## 1. ISTWA OPL

Istwa OPL sòti 1991 pou rive 2018 divize an 6 etap.

- **Premye etap lavi OPL, etap fondasyon ak konsolidasyon 1991-1994**

Pandan peryòd sa a, OPL mennen gwo batay kont diktati militè a pou peyi a retounen sou ray demokrasi pandan l ap fòme epi konsolide toupatou baz Pati a. Se moman KLR (Komite Lyezon Rejyonal) yo ap mete kanpe premye nwayo ak gwoupman baz pou ankadre pèp la nan gwo kanpay mobilizasyon manch long pou retabli lòd konstitisyonèl la. OPL pèdi anpil militan ak dirijan nan peryòd sa a, tankou Jean Marie Vincent, manm kòdinasyon nasyonal pwovizwa a, militè yo te asasinen nan dat 28 out 1994. . .

Etap sa a se sitou etap fondasyon OPL nan dat 5 - 6 desanm 1991 nan reyinyon Asanble jeneral ekstrawòdinè ki te fèt an kachèt nan katye Debisi nan Pòtoprens. Katrevende (82) fanm ak gason ki sòti toupatou nan peyi a ak nan dyaspora a te patisipe nan reyinyon sa a.

- **Dezyèm etap nan evolisyon lavi OPL 1994 - 1997**

Se etap OPL ap prezante l sou echikye politik la kòm yon fòs k ap monte sòti 1994 pandan ak aprè eleksyon pou 46èm lejislati a pou rive 1997 (Premye kongrè nasyonal Pati a). Pandan peryòd sa a, OPL pran pozisyon a klè nan mitan meli-melo Lavalas la. Li mennen avèk entèlijans gwo batay kont pwojè Aristide pou te nwaye l epi disparèt li nan yon kowalizyon bouyi vide lajman laj. Kowalizyon Bò Tab la. OPL rive sòti nan eleksyon 25 jen 1995 yo avèk yon majorite reprezantan nan palman an ak nan kolektivite terityoral yo. Li pral fè premye eksperyans direksyon nan pouvwa Leta santral la tankou nan kolektivite terityoral yo. OPL konfimen pozisyon l pou respekte epi defann konstitisyon nou te apwouve nan referandòm 29 mas 1986 la. 29 janvyè rive 2 fevriye 1997 se premye Kongrè nasyonal OPL. Se kòmansman batay ouvè kont pwojè anti demokratik Aristide la pou rete sou pouvwa a dèyè do konstitisyon an, sou pretèks koudeta a te fè l pèdi 3 zan nan manda l.

Nan dezyèm peryòd sa a, OPL salye memwa militan ak dirijan konsekan tankou Marc Romulus( jiyè 1995), Jean Hubert Feuillé (novanm 1995), Marina Guillaume ( me 1997), Hérard Pauyo( 10 desanm 1997). Nan peryòd sa a, OPL genyen anndan Kowalizyon Bò Tab la majorite depite (33 sou 88 an total) ak majorite senatè (11 ki vin redui a 7 sou 27 an total). Sou baz sa a, OPL dirije gouvènman an avèk Rosny Smarth kòm Premye minis.

- **Twazyèm etap nan evolisyon lavi OPL, se etap konfimasyon OPL kòm yon vrè fòs politik sòti 1997 pou rive 2000.**

Nan peryòd sa a OPL fè anpil eksperyans malouk ki make l, men ki pa rive derasinen l tankou. asasinay senatè Jean Yvon Toussaint ; akò 6 mas René Préval \Robert Manuel avèk Espas Konsètasyon an; zak abitrè sou palman an pou kraze OPL; eleksyon gwo ponyèt 2000 yo.

16 avril 1999 se te Asanble ekstrawòdinè OPL ki deside swivan liy premye Kongrè a pou chanje non Òganizasyon Politik Lavalas, O.P.L. la te vle di anvan an, an Òganizasyon Pèp k ap Lite. OPL konfimen li se yon vrè fòs politik kit li nan espas pouvwa Leta a, kit li nan opozisyon. Nan peryòd sa a li pèdi dirijan tankou. Yvon Toussaint ki mouri asasinen nan dat 1e mas 1999, Evans Lescouflair ki kite Pati a, Chavannes Jean-Baptiste ki bay demisyon l nan Pati a.

Etap sa a make sitou ak eleksyon malatchyong 1997 la epi desizyon prezidan Préval pran pou fèmen Palman an.

- **Katriyèm etap nan evolisyon lavi OPL 2000–2004**

Nan peryòd sa a OPL prezante l kòm altènativ politik sou echikye nasyonal la. OPL kòmanse pou kont li batay kont pwojè diktati kriminel Aristide vle tabli sou peyi a ak rezilta fo eleksyon 2000 yo. Li pral kontinye batay la pi rès nan kad yon alyans istorik plizyè pati politik fòme sou direksyon OPL ki se Konvèjans Demokratik. Pita alyans sa a pral elaji avèk lòt sektè òganize nan sosyete sivil la pou fòme Platfòm Demokratik pou bay Aristide monnen pyès li. OPL peye gwo pri pou rive nan bout batay sa a. Kouraj, pèsèverans ak vizyon OPL fè l parèt kòm altènativ politik pou peyi a.

Nan peryòd sa a, lanmò bwote militan tankou Brignol Lindor (3 desanm 2001), Antoine Charles ( 29 septanm 2002), Macédoine Gabriel (28 me 2004). Se peryòd dechoukaj lokal OPL. Se peryòd manifestasyon fòs moral ak politik OPL.

Etap sa a make ak lanmò sibit Gérard Pierre-Charles, premye Kowòdonatè jeneral OPL, nan dat 10 oktòb 2004.

- **Senkyèm etap nan evolisyon lavi OPL 2004 – 2008**

Se etap pou kòmanse transfòmasyon OPL kòm yon zouti efikas pou dirije pouvwa Leta a. Kongrè nasyonal ki te reyini 17, 18, 19 desanm 2004 la bay OPL yon nouvo direksyon; sòti nan liy batay kòm pati kap fè rezistans kont Leta opresyon-kraze-zo, leta diktati, leta piyajè a pou pran liy batay yon Pati ki vle okipe espas pouvwa nan Leta a pou rive dirije Leta a epi

transfòme l kòm sadwa nan sans respè dwa moun, gouvènans demokratik nan respè lalwa, nan sans mete aparèy Leta a osèvis sosyete a, osèvis tout pèp peyi d Ayiti.

Nan peryòd sa a OPL kolabore ak lòt òganizasyon pou bay presyon pou eleksyon fèt. Li patisipe nan tout nivo nan eleksyon yo. OPL adapte estrikti li, ranfòse kapasite enstitisyonèl ak ideyoloji li pandan l ap chèche pi bon mwayen pou amelyore relasyon l ak mas popilè yo. OPL tire anpil leson nan jesyon pouvwa Leta a. Li prè pou li afimen l kòm yon pati politik de pouvwa. OPL pwouve li pa yon Òganizasyon ki se pwopriyete manm fondatè yo, men se yon vrè pati politik, yon byen piblik, yon patrimwàn nasyonal.

- **Sizyèm etap nan evolisyon lavi OPL sòti 2008 pou rive 2018**

Nan peryòd aprè 2008, OPL pase anpil move moman. Li soufri gwo bouras van ki kase branch li, koubi do l, men li rekanpe pi dyanm. Fòs OPL se kalite manm li yo, se konviksyon ak disiplin politik yo. OPL rive travay avèk metòd, disiplin, kouraj pou fè l yon non sou echikye politik la. Li genyen yon kapital, yon repitasyon pati politik ki serye, ki òganize sou tout teritwa peyi a, ki genyen bon jan estrikti ki ap fonksyonnen. Sa ba l yon kredi moral nan opinyon piblik la.

Jounen jodi a, OPL ap prepare l pou li vini yon pati ki prè pou gouvènman peyi a nan sans pou koupe fache nèt ak ansyen mòd gouvènans peyi a ki pote inegalite, move lavi, enstabilite ak dezespwa. Sòti de Òganizasyon de rezistans, pase pa Pati ki prè pou pran pouvwa politik la, rive nan Pati ki prè pou pran renn gouvènman peyi a, OPL se yon konstriksyon an pèmanans de yon lòt kalite Òganizasyon pou modènize peyi a, chanje lavi sosyete a, reyalize rèv fondatè patri a, konstwi Ideyal nasyon an ki se: \*Tabli nan yon sosyete san fòs kote yon Leta fò ki chita sou lalwa k ap dirije yon peyi politikman endepandan, ekonomikman lib, sosyalman jis.

## 2. IDEYOLOJI

Fondman baz ideyoloji OPL chita nan kategori sosyal ki, nan chita tandè ak brase lide sou reyalite peyi a, rive mete kanpe pati politik OPL pou garanti patisipasyon mas popilè yo nan desizyon k ap pran sou zafè ki konsènen tout pèp la, tabli demokrasi tout bon nan gouvènans peyi a, jete baz yon rejim jistis sosyal pou yon sosyete san fòs kote.

Sou plan ideyoloji, OPL se yon pati mas, yon pati demokratik ki genyen gwo sansiblite pou mas popilè yo, kategori moun k ap viv nan move kondisyon yo. OPL pa yon pati popilis, li kwè nan fonksyonman enstitisyon yo. Se yon pati degoch.

Diyite moun, Entegrite, Respè lalwa, Solidarite se valè OPL kiltive epi ankouraje moun kiltive nan pratik politik yo.

Ou jwenn eleman sou oryantasyon ideyoloji Pati a nan dokiman fondamantal Pati a nou rele dokiman baz tankou: Premye so pa so (Convertir nos revers en victoires), Batistè, Manifès, Estati ak lòt ankò.

KREDO OPL se sentèz vizyon Pati a ki eksprime fondamantal ideyoloji Pati a. Se yon rezime tout prensip, valè ak lide OPL kwè nan yo. Se yo ki esplike epi ki jistifye pozisyon ak konpòtman manm OPL yo.

- **KREDO OPL**

Mwen kwè

Pou dirije peyi a dwe gen alatèt Leta a yon Ekip, sa vle di yon gwoup moun (fanm ak gason) ki kwè nan peyi a, ki pataje menm vizyon devlopman pou peyi a, ki pare pou fè tout sakrifis ki nesèse pou peyi a vanse.

Mwen kwè

Moun se motè devlopman. Pa gen devlopman san moun (fanm, gason, granmoun, jenn moun). Yon Gouvènman OPL dwe travay pou devlope tout kapasite ki genyen nan tout moun sou tè d Ayiti san distenksyon.

Mwen kwè

Kelkeslanswa kote yon Ayisyen ye sou tèritwa tè d Ayiti, Leta dwe ba li tout sèvis- jan l kapab- pou li viv byen kou yon sitwayen, pou li devlope tèt li, fanmi li ak kominote li.

Mwen kwè

Kit se Ayisyen k ap viv ann Ayiti, kit se Ayisyen k ap viv sou tèritwa peyi etranje, tout se yon sèl ras pèp Ayisyen. Yon Gouvènman peyi d Ayiti dwe pwoteje enterè ak dwa yo epi travay pou lonè ak diyite yo toujou respekte.

Mwen kwè

Patisipasyon tout Ayisyen nan zafè peyi yo mache avèk yon fòm Leta ki chita sou desantralizasyon pouvwa yo epi ki marye ak enstitisyon, respè lalwa ak tout lòt règ ki tabli.

Mwen kwè

Leta dwe la pou sèvi nasyon an, pou pèmèt ras moun peyi d Ayiti vin pi fò, pi solidè. Se wòl tout Gouvènman OPL.

Mwen kwè

Pou pèmèt tout moun nan peyi a viv byen, jwi dwa ak libète yo genyen, Leta dwe jwe yon gwo wòl kit nan defann peyi a, pwoteje vi ak byen moun ; men tou, sou plan sosyal ak ekonomik.

Mwen kwè

Se inisyativ ak lespri pou fè biznis- kreye antrepriz- moun nan peyi a ak lòt etranje ki vle investi pou fè lajan yo fè pitit k ap fè ekonomi peyi a mache byen.

Mwen kwè

Tout fòm kilti pèp Ayisyen se gwo moso nan eritaj nasyon an. Leta dwe devlope eritaj sa a epi sèvi ak li kòm sipò devlopman peyi a ak souverènte nasyon an.

Se sa ki fè mwen se patizan OPL.



### 3. ESTRIKTI

- **Nwayo ak Gwoupman baz**

OPL kòm pati "de masse" sa vle di ki chita sou pil ak pakèt manm li rekrute nan tout kwen nan peyi a ak nan mitan kominote Ayisyen k ap viv nan peyi etranje, blije ankadre, òganize mas moun sa yo pou yo kab vini yon fòs. Se kon sa, OPL bay tèt li yon chapant ki sòti anba nan bitasyon nan tout seksyon kominal yo, pase nan komin, monte nan rejyon ou departman jouk rive nan nivo nasyonal.

Nan baz chapant OPL, ou jwenn Nwayo ak Gwoupman baz.

Pi piti inite oubyen ògàn nan estrikti OPL se Nwayo. Se sou nwayo yo òganizasyon Pati a poze. Chak militan ou manm aktif dwe genyen swa yon nwayo swa yon gwoup baz oubyen yon estrikti kèlkonk kote l ap milite anndan Pati a.

Yon nwayo se yon gwoup militan OPL ki genyen pou pi piti twa (3) pou pi plis kenz (15) moun ki rasanble pou reyalize travay Pati a. Nwayo a reyini nan zòn kote manm yo ap viv oubyen ap travay.

Gwoupman baz se tout gwoup oubyen asosiyasyon ki afilye avèk OPL. Yo genyen pwòp estrikti pa yo.

Lè genyen yon sèl manm aktif (1) oubyen de (2) nan yon zòn, OPL konsidere yo kòm Antèn ki reprezante l nan zòn nan. Gen antèn ak yon (1) manm, gen antèn ak 2 manm.

Nwayo yo avèk gwoupman baz yo tou, si genyen, rasanble ansanm pou fòme yon kowòdinasyon ki genyen alatèt li pou dirije l yon komite ekzekitif.

- **Kowòdinasyon ak Komite ekzekitif**

Kòm ògàn direksyon ou jwenn nan chapant OPL yon ògàn deliberasyon ki se Kowòdinasyon an ak yon ògàn direksyon ki se Komite ekzekitif la sòti nan seksyon kominal oubyen sant vil yo, pase nan komin, nan rejyon ou departman pou rive nan nivo nasyonal.

Komite ekzekitif yo genyen sèt (7) manm.

1. Kòdonatè
2. Viskòdonatè
3. Sekretè

4. Trezorye
5. Reskonsab enfòmasyon
6. Reskonsab fòmasyon
7. Konseye

Nan nivo nasyonal genyen plis manm nan Komite ekzekitif la. Li genyen disèt (17) pòs :

1. Kòdonatè jeneral
2. Kòdonatè jeneral adjoint
3. Sekretè ekzekitif
4. Sekretè adjwen
5. Kòdonatè pou kesyon òganizasyon
6. Kòdonatè pou kesyon finans ak bidjè
7. Kòdonatè pou kesyon enfòmasyon ak kominikasyon
8. Kòdonatè pou kesyon fòmasyon
9. Kòdonatè pou relasyon entènasyonal
10. Kòdonatè pou kesyon peyizàn
11. Kòdonatè pou kesyon jenès ak inivèsite
12. Kòdonatè pou kesyon egalite fanm avèk gason ak defans dwa fanm
13. Kòdonatè pou fè suiv relasyon Pati a avèk reprezantasyon li genyen nan kominote Ayisyen k ap viv nan peyi etranje
14. Konseye
15. Konseye
16. Konseye
17. Konseye

Kowòdinasyon an se enstans ki reyini tout ma nm komite ekzekitif divès estrikti Pati a nan yon jiridiksyon oubyen nivo nan chapant li plis reprezantan eli Pati a nan nivo sa plis ankò alatèt komisyon ak komite ki ap apiye de (2) estrikti siperyè sa yo (komite ekzekitif, kowòdinasyon) nan misyon yo.

- **Komite ak Komisyon**

Pou apiye enstans direksyon Pati a nan travay li, ou jwenn komite ak komisyon pèmanan oubyen pwovizwa. Prensipal komisyon ak komite pèmanan yo se :

- . Komisyon òganizasyon
- . Komisyon finans
- . Komisyon sekretarya
- . Komisyon enfòmasyon

- . Komisyon fòmasyon
- . Komite etik ak disiplin
- . Komite politik

**Komisyon yo gen pou wòl** ede direksyon Pati a pou l ranpli komsadwa divès fonksyon yon òganizasyon dwe ranpli si l ap fonksyonnen nòmalman. Chak komisyon genyen alatèt li yon prezidan, yon visprezidan ak yon sekretè-rapòtè.

**Komite etik ak disiplin nan** se yon enstans enpòtan nan chapant Pati a. Se Kongrè oubyen yon Kowòdinasyon ekstrawòdinè ki eli manm yo pou twa (3) lane. Yo la pou yo veye sou jan reskonsab yo ap dirije Pati a nan respè règleman yo. Yo genyen pou misyon pou veye sou jan Pati a ap mache nan lòd suivan Estati ak lòt règleman ki dwe gide bon mach li epi yo genyen pou regle konfli ant enstans oubyen ògàn anndan Òganizasyon an. Li fè pwopozisyon, se Kowòdinasyon ki pran desizyon. Komite ekzekitif aplike desizyon Kowòdinasyon an pran sou rekòmandasyon Komite Etik ak Disiplin nan.

**Komite politik la** se yon estrikti enpòtan ki pou pèmèt kenbe koyezyon anndan Pati a ant divès tadans li genyen ladann. Se manm komite ekzekitif, ansyen manm komite ekzekitif, kad politik Pati a, manm Pati a ki se gwo fonksyonè nan administrasyon piblik oubyen prive nan espas geyografik la ki patisipe ladan estrikti sa a. Komite politik la se espas tou pou dirijan òganizasyon sosyal oubyen politik ki fè alyans ak OPL patisipe nan refleksyon ak oryantasyon Pati a. Se kowòdonate a ki deziyen manm komite politik la.

Komite politik la nan fonksyònman li dwe genyen yon prezidan ak yon premye sekretè-rapòtè epi yon asistan sekretè. Komite politik la kab reyini omwens yon fwa chak mwa.

Atribisyon komite politik la se:

1. pataje enfòmasyon sou aksyon Pati a ap mennen nan rejyon an oubyen nan nivo nasyonal
2. analize sitiyasyon sosyopolitik rejyon an epi fè pwopozisyon sou pozisyon Pati a pran oubyen ta dwe pran nan okazyon an
3. fè pwopozisyon pou komite ekzekitif rejyonal la sou pwoblèm Pati a ap konfwonte nan rejyon an
4. travay sou tout dosye politik komite politik la konfye l.

- **Reprezantan OPL nan aparèy Leta a: Blòk oubyen Federasyon eli yo**

Youn nan atribisyon Kongrè a tou se validasyon kandida yo pou y al patisipe nan eleksyon pou pòs politik nan aparèy Leta a. Tout manm OPL ki reponn kritè komisyon elektoral Pati a fikse, genyen dwa deklare yo kandida pou nenpòt ki pòs elektif. Se Asanble jeneral Seksyon kominal, Kongrè kominal ak rejyonal yo ki apwouve pwopozisyon kandida Kowòdinasyon yo soumèt. Nan pratik teren an sou baz konsansis ak negosiyasyon, Kowòdinasyon yo toujou

rive, dèfwà avèk gwo pwoblèm pou Pati a, san konvokasyon Asanble jeneral ni Kongrè, chwazi kandida pou reprezante OPL nan eleksyon pou pòs nan kolektivite teritoryal oubyen nan palman . Pou eleksyon prezidansyèl, se Kongrè nasyonal la ki dwe chwazi kandida OPL la. Men nan eleksyon 2015- 2016 yo Pati a eksperimante yon mekanis ki se eleksyon primè pou chwazi kiyès k ap kandida pou Pati a nan eleksyon prezidansyèl la.

Eli OPL nan nivo kolektivite teritoryal yo fòme asosiyasyon ki regwoupe an federasyon. Eli nan nivo palman an reyini an gwoup ou Blòk palmantè.

Chapant OPL la anbrase nan tout dimansyon l vizyon OPL kòm Pati "de masse", demokratik, popilè, enstitisyonèl.

- **Mouvman ou Seksyon pou pèmèt Pati a rasanble epi ankadre sèten kategori sosyal**

Nan chapant OPL, pou byen kore Pati a ou jwenn estrikti ki genyen pwòp fonksyonman pa yo pandan yo konekte ak chapant nan liy yerachi Pati a. Estrikti sa yo genyen pou misyon fè pwomosyon epi òganize Pati a nan mitan sèten kategori sosyal tankou: Jèn yo, Fanm yo, Peyizan yo, Sosyopwofesyonèl yo..... Komite ekzekitif yo dwe pou byen òganize Pati a, mete kanpe Mouvman Jèn (MJOPL), Mouvman Fanm (MFOPL), Seksyon Peyizan, Seksyon Sosyopwofesyonèl .

- **Kongrè**

Nan tèt chapant OPL pou kouwonnen tout estrikti sa yo ou jwenn pi gwo enstans Pati a ki se Kongrè nan nivo nasyonal, rejyonal, kominal. Pou seksyon kominal, yo di pito Asanble jeneral. Kongrè a reyini odinèman chak twa (3) lane. Li la prensipalman pou li deziyen manm komite ekzekitif yo, sanksyonnen rapò yo nan jesyon Pati a, defini oryantasyon Pati a.

Yon reyinyon Kongrè se yon gwo evènman kit sou plan politik, sou plan òganizasyon, sou plan kominikasyon. Li genyen de (2) aspè enpòtan: yon aspè fèt, espektak; yon aspè enstitisyonèl. Nan dewoulman l, li genyen twa (3) moman:

1. Moman espektak la (sitou nan ouvèti a)
2. Moman refleksyon, diskisyon, analiz ak pwopozisyon
3. Moman eleksyon pou chwazi dirijan Pati a

Kon sa yon reyinyon Kongrè mande bon jan preparasyon. Anplis yon komite oubyen komisyon pou òganize Kongrè a dwe genyen plizyè lòt komisyon pou pèmèt yo byen reyisi reyinyon Kongrè a. Pami Komisyon sa yo nou jwenn:

- . komisyon akèy ak enfòmasyon
- . komisyon sekretarya
- . komisyon lojistik

- . komisyon preparasyon atelye
- . komisyon elektoral
- . komisyon finans

#### 4. MANM OPL

- **Kalite manm ki genyen nan OPL**

OPL kòm pati "de masse" chita fòs li sou pil ak pakèt manm li rekrute toupatou nan peyi a tankou nan peyi etranje kote ki genyen kominote Ayisyen k ap viv. Manm yo se nanm OPL. Genyen de (2) kalite manm nan OPL.

Premyèman, genyen manm endividyèl, moun ki antre pou kont li, yon sèl, nan Pati a. Pami yo genyen ki aktif, sila yo k ap milite nan yon estrikti kèlkonk anndan Pati a; genyen manm ki pa aktif, sa vle di ki pa nan ankenn estrikti.

Dezyèmman, genyen asosiyasyon, gwoupman ki kapab vini manm OPL tou, jan sa di nan atik 10 Estatil Pati a. Sa yo se manm kolektif.

Nan OPL genyen anpil manm. Men yo pa ko anrejistre kòm sadwa nan yon fichye santral ni menm rejyonal. Kon sa, Direksyon nasyonal OPL pa ko genyen ekzakteman kantite manm Pati a genyen. Sa dwe fèt byen vit nan kad travay ranfòsman estrikti ak modènizasyon fonksyonman Pati a.

Gen anpil moun ki renmen OPL, yo dakò ak konpòtman politik manm OPL yo; yo defann lide ak pozisyon Pati a; yo menm idantifye tèt yo ak OPL. Men yo pa manm OPL pou sa. Yo se senpatizan Pati a. OPL genyen fason pwòp pa l pou yon moun vin manm li.

Manm fondatè yo se sila ki te pèmèt OPL jwenn rekonesans legal nan men Ministè Lajistis an 1994. Lalwa (dekrè jiyè 1986 la) mande se pou pati yo prezante pou pi piti yon lis senkmil (5.000) manm ki repati sou tout dis (10) depatman peyi a anplis ven (20) manm ki siyen Ak konstitif la devan notè.

- **Prensip ak règ pou yon moun vin manm OPL**

Batiste Pati a di se pou moun nan "serye, onet, sense" . Se pou li fe demann pou li vini manm nan estrikti OPL nan zon li ap viv la oubyen l ap travay. Li kapab mande enfòmasyon tou

nan syej santral Pati a. L ap genyen pou li ranpli yon fich pou anrejistre 1 kom manm. Genyen swa yon dirijan swa de (2) manm ki ap milite depi plis pase yon lane nan Pati ki dwe apiye demann nan. Se komite lokal kote li ye a ki ap apwouve demann nan. Komisyon òganizasyon nasyonal genyen pou bay dizon li anvan Komite ekzekitif nasyonal la delivre kat manm li ba li. Kat la pèmèt idantifye yon manm Pati a, men se pwopriyete OPL li ye.

Lalwa entedi yon moun pou li manm plis pase yon (1) pati politik anmenm tan.

Pou yon moun vin manm OPL, fò li dakò ak règleman Pati a, liy politik li ak pwogram li. Fòk se yon "moun serye, onèt, sensè" jan Batistè Pati a mande sa. Epi li dwe antreprann demach suivan jan atik 9 ak 10 Eitati Pati a di li.

#### **Atik 9.**

Yon moun ki vle vin manm OPL ap ranpli epi l ap depoze, nan Komite ekzekitif Pati a kote l ap viv oubyen l ap mennen aktivite li, yon fich demann pou li vin manm. Demann sa a dwe jwenn apui 2 manm ki deja genyen plis paseyon lane depi l ap milite nan Pati a

#### **Atik 10.**

Se Komite ekzekitif lokal la ki di si yon moun kapab vin manm apre li fin ekzaminen demann lan. Komisyon ki anchaje zafe oganizasyon nan Kodinasyon nasyonal la dwe bay dizon l anvan Komiteekzekitif nasyonal la bay manm lan kat li.

Kat la sèvi pou idantifye moun nan kòm manm, men se pwopriyete OPL li ye.

- **Ki sa lalwa di sou kesyon manm pati politik**

Lalwa entèdi yon moun pou li manm plis pase yon (1) pati politik anmenm tan.

Selon lalwa fò yon moun ap jwi tout dwa sivil ak dwa politik li pou li kapab vin manm yon pati. Yon manm lib pou antre oubyen sòti lè li vle nan yon pati. Pèsonn pa dwe, pèsonn pa kapab fè presyon sou li.

Atik 2 lalwa 23 avril 2013 la sou fòmasyon, fonksyonman ak finansman pati politik yo ki ranplase dekrè 30 jiyè 1986 la di pou yon moun manm yon pati politik fò li jwi tout dwa sivil ak politik li. Atik 4 la presize pèsonn pa kapab fòse yon moun antre nan yon pati politik. Moun nan dwe lib e libè pou l antre oubyen pou l soti lè lide l di l. Kon sa tou li entèdi pou yon moun manm plis pase yon pati politik alafwa.

Anvan lwa 23 avril la, pou yon pati politik jwenn rekonesans Leta pou l fonksyonnen fò li te depoze nan Ministè Lajistis yon lis ki genyen pou pi piti senkmil (5000) manm anrejistre sou tout teritwa dis (10) depatman peyi a anplis ven (20) manm ki siyen Eitati pati a devan yon notè piblik. Tout moun sa yo semanm fondatè pati a.

Pou OPL, men ven (20) moun ki te siyen Ak fondasyon Pati a:

1. Hérard. Pauyo
2. Marc Romulus
3. Paul Déjean
4. Gérard Pierre-Charles
5. Louvier Élie
6. Gabriel Bien-Aimé
7. Patrick Norzéus
8. Dominique Vérella
9. Evans Lescouflair
10. Chavannes Jean-Baptiste
11. Paul Denis
12. Ernst Mathurin
13. Freud Jean
14. Adeline Magloire Chancy
15. Rosny Smarth
16. William Kénel-Pierre
17. Suze Castor
18. Sauveur Pierre Etienne
19. Maurissaint Jean Irvelt Chéry
20. Edgard Leblanc Fils

Sèl sis (6) dènye yo aktif toujou nan Pati a. Lòt yo swa mouri swa kite swa pran distans oubyen retrèt yo.

- **Dwa ak Devwa manm yo**

Menm lè li genyen kat manm li, pou yon moun jwi tout dwa l fò l respekte obligasyon l, fò l ranpli devwa l kòm manm, pa ekzanp: peye kotizasyon anyèl li, bay kontribisyon espesyal li. Se sa ki pou fè Pati a jwenn mwayen pou ranfòse tèt li.

Dwa ak devwa (atik 11 ak 12 nan Eitati a) mache ansanm. Pou yon manm jwi epi ekzèse tout dwa li se pou l ranpli tout devwa l. Sitou sila ki gen awè ak obligasyon finansye li anvè Pati a.

**Atik 11- Dwa manm :**

1. Patisipe nan tout reyinyon nan enstans OPL kote l ap milite a
2. Vote, parèt kòm kandida lè gen reyinyon pou fè eleksyon pou manm vin dirijan nan yon estrikti nan Pati a epitou pou pòs piblik elektif yo
3. Adrese l dirèkteman oswa pa ekri ak kelkeswa enstans pou bay yon mesaj sou sa ki konsènen OPL
4. a) Pale epi bay dizon l lib e libè sou tout kesyon ki konsènen piblik la an jeneral oubyen sou sa ki konsènen OPL an patikilye
  - b) Reklame dwa pou gen lòt desizyon ki ta kontrè ak sa yo te pran anvan yo
  - c) Defann tèt li daprè sa lalwa di ak sa règleman Pati a di kont tout akizasyon oubyen sanksyon yo ta pran kont li
5. Resevwa enfòmasyon ak fòmasyon ki kapab pèmèt li ranpli wòl oubyen tach Pati a ap tann li jwe
6. Kritike epitou denonse selon règleman ki nan Pati a tout bagay li wè k ap mal fèt nan fonksyonman oswa nan aplikasyon desizyon ògàn yo ki andedan Pati a oswa ankò nan fason y ap ekzese direksyon kolektif ak demokrasi anndan òganizasyon Pati a

**Atik 12- Devwa manm :**

1. Toujou patisipe nan reyinyon ak lòt aktivite nan estrikti kote l ap milite a



2. Fè konnen estati, pwogram ak pwojè Pati a genyen pou peyi a; fè tout sa ki ap pèmèt moun byen wè OPL epi byen konprann aksyon politik enstans anndan Pati a te deside
3. Chèche pou li aprann plis chak jou sou reyalite peyi a espesyalman sou pwoblèm sektè nan sosyete a ki pi defavorize yo
4. Kòm moun, kòm pwofesyonèl montre yon konpòtman ki kadre ak prensip etik Pati a
5. Bay dizon li sou tout kesyon enstans ki ap dirije Pati a ap chèche pou konnen ki sa manm yo panse de sa epitou kontwole si Pati a ap fonksyonnen nòmalman, korèkteman
6. Kontwole, suivan mekanis ki defini nan estati Pati a, ki sa dirijan yo ap fè avèk manda li ba yo a, menm jan tou pou palmantè, eli lokal yo ak tout lòt manm ki detache pou okipe yon pòs nan pouvwa ekzekitif la
7. Vote manm Pati a ki kandida nan eleksyon epitou patisipe nan tout kanpay elektoral OPL
8. Peye regilyèman kontribisyon lajan atik nan Estati a ekzije pou pèmèt fonksyonman ak devlopman Pati a
9. Ankouraje tout moun, jèn fi ak jèn gason pou yo antre nan estrikti Pati a
10. Patisipe nan tout aktivite ki genyen kòm objektif chanje imaj peyi a nan sans pou fè enstitisyon demokratik yo vin pi fò, rann kondisyon lavi pèp la vin pi bon

- **Koman yon manm kap pèdi dwa li**

Genyen de (2) fason yon manm kapab pèdi dwa ak kalite li kòm manm.

1. Li pran desizyon an limenm pou li renonse a dwa li kòm manm. Pou sa, li ekri Komite Ekzekitif Kowòdinasyon kote li anrejistre a oubyen yon enstans siperyè Pati a pou bay demisyon li kòm manm.
2. Aprè desizyon yon enstans ki genyen konpetans pou sa pran pou radye li kòm manm Pati a.

## 5. FINANSMAN

- **Sous finansman pati yo**

An jeneral, pati politik yo genyen 2 kote, 2 sous yo kapab jwenn lajan : yon sous piblik ( Leta daprè konstitisyon 1987 la) epi yon sous prive ( moun ak antrepriz ki vle).

Daprè lalwa 23 avril 2013, sous finansman pati politik yo se :

1. Kotizasyon manm yo
2. Kontribisyon oubyen don swa yon moun swa yon antrepriz (sosyete) kab fè
3. Sibvansyon Leta
4. Lajan ki sòti nan vann tout kalite dokiman yo pibliye
5. Benefis ki sòti nan tout aktivite sosyal yo òganize
6. Kòlèk lajan yo òganize
7. Apui finansye fondasyon, enstitisyon ou lòt pati politik kab ba yo

- **Kotizasyon ak kontribisyon manm yo**

Selon Estati Pati a, manm yo genyen obligasyon (se yon devwa) pou yo peye kotizasyon yo. Manm yo se prensipal sous finansman Pati a. Men sa atik 87, 88 ak 89 di sou sa :

**Atik 87 :**

Komite ekzekitif nasyonal OPL ansanm ak Kowòdinasyon rejyonal yo fikse valè lajan chak manm oubyen gwoup ki fòme nwayo baz OPL dwe bay kòm kotizasyon chak ane.

**Atik 88 :**

Yon manm ki gen pwoblèm lajan pou yon bout tan, yon manm ki pa genyen ankenn posiblite pou peye kotizasyon l dwe mande Komite ekzekitif kote l ap milite a yon ekzonerasyon annatandan li kapab fè sa kòmsadwa.

**Atik 89 :**

Yon manm ki genyen mwayen pou sa dwe bay Komite ekzekitif rejyonal kote l ap milite a yon kontribisyon lajan espesyal chak mwa pou ede nan aktivite pou ranfòsman Pati. Genyen règleman sou jan pou montan lajan sa a pataje

Manm Pati a se prensipal sous finansman li. Men an reyalite, manm yo pa peye kotizasyon yo. Kon sa, se kèk manm dirijan ki chak fwa yo mande yo sa oubyen chak fwa yo kapab bay

yon kontribisyon espesyal pou ede aktivite Pati a. Ti valè resous finans sa yo pa pèmèt Pati a genyen yon bon administrasyon suivan prensip ak metòd pou fonksyonman divès enstans direksyon OPL yo.

- **Lòt sous finansman prive yo**

Kanta kesyon èd fondasyon, enstitisyon oubyen lòt pati politik, benefis sou aktivite sosyal, resèt sou lavant dokiman, kòlèk fon etc.... bagay sa yo pa mache nan peyi isit.

Si nan kèk peyi moun ki gen lajan yo patisipe dirèkteman nan fè politik, boujwa nan peyi d Ayiti genyen kalite espesyal pa yo. Yo chwazi pito fè politik dèyè pòt. Yo fè konnen moun ki nan biznis pa dwe nan politik. Se yon mannyè pou jistifye pozisyon yo ki toujou bò kote pouvwa anplas la. Kontribisyon lajan pa yo se toujou pou gwoup politik ki sou pouvwa a oubyen ki sanble tou pre pou pran pouvwa a.

- **Sibvansyon Leta a**

Malgre konstitisyon 1987 la rekonèt pati politik yo kòm zouti fondamantal pou tabli yon rejim demokratik nan peyi a (atik 31.1), Konstitisyon an fè Pouvwa Leta yo obligasyon pou bay pati politik yo mwayen lajan pou yo fonksyonnen (atik 281, 281.1), se sèlman nan lane 2014 la genyen yon lwa ki pibliye pou fikse ki jan pou sibvansyon Leta dwe pati yo distribye. E se nan kòmansman lane 2018 lan lalwa kòmanse aplike. Men apre sibvansyon pou twa (3) premye mwa ekzèsis fiskal 2018 - 2019 la (oktòb, novanm, desan), Ministè Finans pa kontinye bay pati yo finansman Leta dwe yo selon lalwa pou pèmèt yo fonksyonnen kòm sadwa.

Kon sa, sou baz rezilta OPL te fè nan dènye eleksyon 2015-2017 yo, li te dwe resevwa chak mwa nan men Ministè Finans jiskaske done sa yo chanje yon sibvansyon ki egal a 3.349.275,00 goud. Lajan sa a dwe itilize suivan sa ki di nan atik 39 lwa a.

### **Atik 39 .**

Finansman piblik Leta bay pati politik yo kòm sibvansyon dwe sèvi pou:

- a) peye depans ki fèt pou aktivite fonksyonman yo ;
- b) fè konnen pwojè politik yo ;
- c) kowòdone aksyon politik manm yo ;
- d) asire fòmasyon manm yo
- e) fè pwomosyon patisipasyon fanm yo nan politik

Tout finansman Pati a dwe jere suivan prensip lalwa ak règleman ki tabli nan Estati a oubyen nan lòt dokiman espesyal ki prepare pou bon gouvènans finansye Pati a.

## 6. LIY PWOGRAMATIK PATI A

- **Sou plan politik**

Sou plan politik, OPL ap:

- Fini nèt ak leta oligachik kraze zo a.
- Jete baz epi konsolide yon Leta ki chita sou lalwa, ki respekte dwa moun, ki tabli fòs otorite l sou lejitimite baz popilè a ba li. Yon Leta fò ki kapab defann teritwa peyi a, asire sekirite moun, pwoteje vi yo, byen yo ak envestisman k ap fèt anndan peyi a, garanti lajistis san paspouki, konbat enpinite.
- Mete kanpe tout enstitisyon konstitisyon an prevwa nan tabli nouvo Leta ki dwe yon Leta inite e desantralize.
- Reyamenaje teritwa peyi a.
- Aplike konstitisyon an ak lwa yo e tout lòt règleman, trete ak kovansyon ki ekziste pou fè enstitisyon yo fonksyonnen.
- Òganize sistèm politik la.
- Apiye ranfòsman pati politik yo.
- Ede òganizasyon sosyete sivil la.
- Travay nan konsètasyon avèk fòs politik ak sosyal yo pou garanti estabilite ak bon gouvènay peyi a.
- Reprann dwa grandèt majè peyi a nan tout domèn.
- Devlope nan relasyon ak peyi etranje yo yon diplomasi ki vize enterè peyi d Ayiti.
- Ranfòse prezans Ayiti anndan CARICOM.
- Amelyore relasyon bon vwazinay avèk Repiblik Dominikèn pandan n ap veye enterè nou toupatou. N ap devlope bon jan koperasyon ekonomik pandan n ap defann e pwoteje dwa travayè ayisyen yo nan kad dwa ak règleman entènasyonal yo.
- Ranfòse relasyon avèk peyi devlope yo tankou: Etazini, Linyon Ewopeyen, Kanada.
- Devlope pi plis chaj jou koperasyon ak peyi k ap devlope tankou: Brezil, Lachin, Chili ak lòt peyi patnè kòm Kiba, Venezyela.
- Ogmante kapasite teknik reprezantasyon Ayiti nan Òganizasyon Entènasyonal yo.
- Refòme Ministè Afè Etranjè pou fè diplomasi Ayiti a vin pi aktif nan kesyon chèche envestisman pou fè ekonomi peyi a vanse.

- **Sou plan ekonomik**

Sou plan ekonomik, OPL ap:

- Rantre an granmoun nan pwosesis globalizasyon an. Sepandan li pa p janmen mete sou kote gwo kesyon sosyal yo ki dwe toujou nan mitan tout desizyon yon gouvènman OPL.
- Fasilite investisman ayisyen ak etranje pou rive jwenn yon gwo nivo kwasans nan ekonomi a.
- Devlope yon gran pwogram konstriksyon ak amenajman nan kominikasyon: wout, ayewopò, waf; nan enfrastrikti pou telefòn, elektrisite.
- Apiye ak fòs detèminasyon sektè touris la, pwodiksyon atistik ak atizana.
- Kontwole sikilasyon lajan pou jere pri machandiz.
- Fasilite devlopman zòn franch pou miltipliye kreyasyon dyòb nan endistri tekstil ak asanblaj pyès elektwonik
- Investi nan sektè agrikilti nan ogmante kantite tè ki awoze, garanti pwopriyete tè yo, fasilite remanbreman tè yo, ogmante rannman pwodui danre alimantè yo, fasilite agrikiltè jwenn angrè, semans ak kredi lajan pou travay tè yo.
- Bay priyorite pou yon agrikilti san pwodui chimik.
- Travay pou ekspòte pwodui agrikòl ki bay gwo benefis.
- Fasilite transfòmasyon agwo-endistriyèl.
- Ankouraje epi devlope epay nasyonal la.
- Òganize kredi labank ak nan sistèm koperativ pou ogmante investisman ak konsomasyon sou mache nasyonal la.
- Favorize kreyasyon ak devlopman ti antrepriz toupatou nan peyi a.
- Pwoteje pwodui ki fèt anndan peyi a; ogmante kapasite pwodiksyon nou nan filyè nou genyen avantaj yo.
- Kontwole endikatè makwoekonomik yo epi redui balans komèsyal peyi a.
- Sispann tout fòm gaspiyay, gagòt ak privilèj nan jesyon lajan Leta a
- Ogmante asyèt fiskal la gras ak enpo oubyen taks dirèk
- Sou kesyon privatizasyon ou modènizasyon antrepriz Leta yo, aplike lwa oktòb 1996 ki fikse jan sa dwe fèt.

- **Sou plan sosyal**

Sou plan sosyal, OPL defini twa (3) gran aks: Travay, Edikasyon ak Sante.

Travay ak Edikasyon se de (2) pi gwo priyorite yon gouvènman OPL. Yo vize konbat de (2) lènmi prensipal pèp ayisyen: lamizè ak liyorans.

- **Travay**

Se investisman prive ayisyen ak etranje k ap pèmèt kreye travay tout bon nan peyi a. Leta dwe fasilite moun investi nan peyi a, kreye kad la ak mwayen pou investisman yo fè pitit. Leta dwe kòmanse limenm nan:

- Louvri chantye tankou konstriksyon rezo wout nasyonal la, jete baz enfrastrikti peyi a, reyabilite komin ak seksyon kominal yo nan yon gwo pwogram entegrasyon ak konstriksyon nasyonal
- Netwaye ak anbeli vil yo
- Ankadre epi fè pwomosyon pou pwodiksyon atizana peyi a.
- Ankadre epi favorize entegrasyon ak devlopman zòn rural yo
- Fasilite devlopman ti antrepriz ak mwayèn antrepriz.
- Nan domèn Travay la OPL ap defann nan tout domèn dwa travayè yo. Suivan konstitisyon ak lwa peyi an, Trete Entènasyonal ak Akò Ayiti siyen avèk Biwo Entènasyonal Travay pou fè respekte dwa tout travayè :
  1. Dwa pou sendika fonksyonnen.
  2. Dwa pou anplwaye ak travayè genyen bon salè.
  3. Dwa pou yo jwenn avantay sosyal.

OPL ap adapte kòd Travay la ak bezwen pou kreye plis travay epi pwoteje dwa travayè yo.

- **Edikasyon**

Edikasyon se premye nan priyorite yo. Nan domèn edikasyon an OPL ap:

- Jeneralize ansèyman fondamantal la ki dwe pèmèt tout timoun ki nan laj pou ale lekòl jwenn plas nan lekòl piblik pou yo etidye gratis.
- Mete kanpe tout bon nouvo segondè a.
- Ogmante epi byen ekipe sant fòmasyon pwofesyonèl yo. Youn nan chak departman avèk kapasite pou entèna annatandan nou mete youn nan chak awondisman.

- Òganize ansèyman siperyè a pou l kab transmèt fòmasyon, fè rechèch pou devlopman peyi a, bay kominote a sévis; resevwa plis jèn nan fakilte Inivèsite Leta d Ayiti ak nan Inivèsite piblik rejyonal yo.
- Redui nivo analfabèt ki genyen nan peyi a jiska 5% gras ak yon pwogram kontra sou kat (4) lane avèk Inivèsite piblik yo
- Amelyore kalite ansèyman an nan leve nivo fòmasyon mèt yo, bay nòmalyen priyorite nan sistèm edikasyon an
- Redui ekzamen ofisyèl yo.
- Ogmante Bidjè Ministè Edikasyon Nasyonal la jiska 25% bidjè nasyonal la
- **Sante**

Nan domèn sante OPL ap garanti yon sityasyon minimòm pou amelyore sante popilasyon an, nan:

- Ogmante pesonèl sante nan dispansè, sant sante ak lopital
- Mete sant pou premye swen nan tout seksyon kominal; fòme epi multipliyè ajan benevòl yo.
- Itilize e nòmalize travay medsen fèy, fanm saj, matwòn.
- Kontwòle sityasyon ijyèn piblik nan vil kou nan mòn;
- Amelyore kay abitan yo rete ak jan y ap viv tankou jan moun nan katye pòv nan vil yo ap viv tou.
- Fasilite distribisyon sistèm dlo potab nan tout peyi a.
- Jeneralize epi regilarize kanpay vaksinasyon pou timoun.
- Fini ak epidemi maladi tankou malarya, tifoyid, tibèkiloz.
- Konbat maladi Sida.
- Òganize sistèm asirans sante pou tout moun.
- Refòme administrasyon prensipal lopital piblik yo nan tout depatman yo.
- **Sou plan Anviwònman**

Sou plan anviwònman, OPL ap:

- Deklare eta ijans pou pwoteksyon anviwònman sou tout teritwa peyi a
- Tabli plan direktè anviwònman
- Devlope yon politik anviwònman transvèsal ki touche aksyon tout mministè ak lòt enstitisyon yo

- Ankouraje yon apwòch ekonomik sou kesyon rebwazman an
- Fè pwomosyon nouvo sous enèji
- Amenaje 30 basen vèsan yo pou pwoteje resous dlo peyi a
- Ankouraje devlopman boskè ak forè kominal
- Devlope ekonomi zòn rural yo
- Suiv avèk metòd ogmantasyon ak repatisyon popilasyon an sou tout teritwa peyi a
- Ranfòse kapasite enstitisyon pwoteksyon sivil yo pou diminye risk ak dezast pou peyi a lè katastwòf natirèl frape
- Devlope epi ankouraje moun fè touris ekolojik
- Pwoteje pak natirèl, plaj, resous natirèl ak resous bò lanmè yo
- Kontwole eksplwatasyon min yo ak karyè sab yo
- Fè moun ki responsab domaj nan anviwònman an peye taks espesyal pou pwoteje l
- Defini epi aplike yon sistèm taks-ekoloji pou pwoteksyon anviwònman an

## 7. REPREZANTASYON POLITIK

- **Reprezantasyon sou teren ak nan aparèy Leta a**

Mòd chapant OPL pèmèt li reprezante sou tout teritwa peyi d Ayiti e menm nan kèk kominote Ayisyen k ap viv nan peyi etranje atravè estrikti Pati a.

Anndan peyi a, OPL genyen estrikti Komite ekzekitif ki reprezante l ofisyèlman nan dis (10) departman yo oubyen onz (11) rejyon etandone departman Sant divize an rejyon Wo Plato ak rejyon Ba Plato. Prèske nan tout komin yo genyen estrikti Komite ekzekitif. Menm nan plizyè seksyon kominal chapant lan reprezante. Komite ekzekitif nasyonal la fikse l kòm objektif pou rive òganize reprezantasyon Pati a nan tout 146 komin ak 572 seksyon kominal yo nan finisman lane 2018 la.

Pou sa ki konsènen reprezantasyon politik Pati a nan aparèy Leta a, se atravè eleksyon OPL vize make prezans li.

Nan "Manifeste OPL", nou li OPL vle genyen pouvwa politik la pou gouvènènan peyi a. Pou sa l ap patisipe nan tout eleksyon pou pèmèt li rive nan objektif li. Nan menm tan tou OPL prè pou l denonse epi konbat tout maskarad elektoral ki chita sou magouy, tout fòm seleksyon pouvwa an plas la ta vle fè pou satisfè enterè pa l.

Kon sa depi OPL fèt li patisipe swa pou kont li swa nan alyansay avèk lòt gwoup politik nan tout eleksyon enstans ofisyèl nan Leta a òganize, sòti 1995 pou rive 2015.



- **Patisipasyon nan eleksyon**

OPL patisipe nan eleksyon jeneral ak eleksyon pasyèl pou konble pòs politik ki vid nan aparèy Leta a kit nan nivo nasyonal kit nan nivo terityoral. Nan eleksyon jeneral yo, nou jwenn OPL :

1. An 1995, nan alyansay "Bò Tab la" avèk MOP, LOUVRI BARYÈ epi òganizasyon nan Mouvman Lavalas laj
2. 2000, OPL sèl sou banyè "TANBOU" a
3. 2006, "TANBOU" a
4. 2010, alyansay "ALTERNATIVE" avèk FUSION, KID epi sou teren kèk òganizasyon sosyopolitik tankou KROS
5. 2015, "TANBOU" a ak yon alyansay avèk KROS nan depatman Sidès.

Analiz rezilta eleksyon sa yo pèmèt nou tire anpil leson sou fòs reyèl OPL ak sou reprezantasyon li nan aparèy Leta a.

- **Rezilta eleksyon yo**

1995, anndan alyansay "Bò Tab la", OPL genyen yon majorite reprezantan ki rete atache a Pati a pandan tout manda yo: 7 senatè, 33 depite ak prèske 60 katèl majistra. Pou kasek ak asek chif yo pa janm klè.

2000, OPL sou banyè pa l, "TANBOU" a, rejte rezilta eleksyon yo ki fè gwo eskonbrit e lage peyi a nan kriz pandan sis (6) lane.

2006, OPL sou banyè "TANBOU" a genyen kòm reprezantan sou baz rezilta KEP a pibliye : 4 senatè, 9 depite, 16 katèl majistra, 60 katèl kasek, 201 katèl asek, 27 katèl DV.

2010, malgre alyansay "ALTERNATIVE" la te vin deside pa patisipe nan eleksyon yo aprè li te fin enskri tout kandida l yo ki te fè kanpay, anpil nan kandida yo rete nan eleksyon yo. Kon sa, pou OPL, anndan reprezantasyon alyansay la genyen 2 senatè (mete sou youn ki te rete nan 4 anvan an) ak 7 depite ki vin antre nan palman an.

2015, OPL sou banyè "TANBOU" a ak yon alyansay sou teren avèk KROS nan Sidès genyen kòm rezilta : 1 senatè (3 ki te la anvan yo pa retounen), 9 depite, 8 katèl majistra, 9 katèl DV, 54 katèl kasek, 56 katèl asek. An total 573 reprezantan OPL eli nan eleksyon sa yo pami yo genyen 217 fanm.

- **Reprezantasyon politik OPL**

Rezilta yon pati politik nan eleksyon defini vrè fòs li sou echikye politik la. Kon sa :

aprè eleksyon 1995 yo OPL ap reprezante nan pi wo nivo nan pouvwa ekzekitif la avèk Rony Smarth alatèt gouvènman an epi yon (1) minis plis 2 sekretè deta jiskaske kriz politik apre eleksyon pasyèl pou renouvle tyè sena a kraze gouvènman an an 1997 epi kraze palman an an 1999 ;

aprè eleksyon 2006 yo OPL fè pati 6 òganizasyon politik ki okipe 75 % syèj nan palman an. Sou baz sa a li nan gouvènman pliryèl prezidan Prèval fòme avèk Jacques Édouard Alexis kòm Premye Minis. Minis Edikasyon Nasyonal la reprezante OPL nan pouvwa ekzekitif la ;

aprè rezilta eleksyon 2015–2017 yo OPL patisipe nan negosiyasyon avèk prezidan Moïse nan kad fòmasyon gouvènman an. Minis Kondisyon feminin ak dwa fanm reprezante OPL nan pouvwa ekzekitif la. Diskisyon yo te fèt nan yon alyansay avèk kèk lòt gwoup politik (G8 ou KOPOL) sou baz yon akò pou eleksyon prezidansyèl la

Kidonk, suit a rezilta eleksyon 2015–2017 yo OPL reprezante nan tout nivo nan pouvwa politik Leta a. Nan nivo teritoryal l ap dirije 54 seksyon kominal sou 571, 9 komin sou 145. Nan nivo nasyonal, li prezan nan gwoup palmantè VERITE–OPL ak Alye nan Chanm depite a pandan lane 2017, 2018 epi nan lane 2019 li aktif nan gwoup GPEP–OPL ak Alye. Li patisipe nan gouvènman Premye Minis Jacques Guy Lafontant t ap dirije nan Ministè Kondisyon feminin ak Dwa Fanm .

Nan sektè Lajistis la oubyen Pouvwa Jidisyè a, reprezantan yo (jjj, grefye, komisè) pa dwe nan fè politik pou yon gwoup politik patikilye. Kidonk, manm OPL nan aparèy jistis la pa reprezante Pati a.